**A Ndezvipi zvapupu zviviri izvi?**

- Kududzwa kwemiorivhi miviri nezvigadziko zvemwenje zviviri ( Zvak. 11:4 ) kunotisvitsa kuchiono chaZekaria 4. Machiri, miorivhi inobudisa mafuta anobatidzisa chigadziko chemwenje chine matavi manomwe ( Zek. 4:1-3 , 12).
- Miorivhi miviri nde“vakazodzwa vaviri” avo, pamwe chete nechigadziko cherambi, vanomirira “shoko raJehovha” ( Zek. 4:6, 14 ). Ndiko kuti, Testamente Yekare neItsva.
- Ichishandisa Mozisi naEria semienzaniso, Zvakazarurwa 11 inotaura nezvezvapupu zviviri izvi:
  - ʐakapfeka masaga (3): Bhaibheri rakachengetedzwa munguva dzekutambudza
  - ʐimire pamberi paShe (4): Mwari haana kurega shoko rake richinyangarika
  - Kana kunomunhu unoɗa kuʋakuʋadza, mŋoto ucaɓuɗa mumiromo yaʐo (5): Shoko remuBhaibheri “rinopedza” vavengi varo ( Jer . 5:14)
  - ʐinozarira deŋga, kuti mvura irege kunaya (6a): Uyo anoramba Bhaibheri anonyimwa mvura yeMweya Mutsvene (mafuta).
  - ʐinoshandura mvura kuti iʋe ropa (6b): Avo bedzi vakafunda Bhaibheri vakanunurwa mumatenda nerima romweya reMiddle Ages

**B Zvakapa uchapupu hwazvo kwenguva yakaita sei?**

- Zvakazarurwa chitsauko 11 inotanga nechiono cheNzvimbo Tsvene yeKudenga, uye yevaya vanonamata pamberi peatari yezvinonhuwira (Zva. 11:1).
- Chivanze cheNzvimbo Tsvene yeKudenga ndepano Pasi, apo “Vemamwe Marudzi” - vasingatendi - vanotsika-tsika "guta dʐene" - vanhu vaMwari – kwemwedzi 42 (v. 2).
- Panguva iyoyo, Shoko raMwari raizopfekedzwa “machira emasaga” – matambudziko makuru – (v. 3) [mwedzi 42 x mazuva 30 = mazuva 1,260 (muchiporofita, makore 1,260)].
- Kubva mugore ra538, kereke yeRoma yakatanga kuisa tsika dzayo zvishoma nezvishoma pamusoro peShoko raMwari, kusvika pakurambidza kuverengwa kweBhaibheri uye kutongera rufu avo vakanga vanaro, vairiverenga, kana kuti vairarama maererano nezvavaidavira zvaibva muBhaibheri (dzidziso).

**C Zvakafa sei?**

- Isimba ripi rakamuka pakupera kwemakore 1,260, ndiko kuti, gore ra1798?
- Chimurenga chekuFrance, chakavamba muna 1789, chikamutsa inonzi “hurumende inotyisa” (1793-1794), kuchijekesa zvikuru kuti ndiani akanga achitsigira iyi hurumende: Satani namadhimoni ake. Hurumende iyi inonzi nzira nhatu (Zva. 11:8):
  - Sodom : Chimurenga chakatanga nguva younzenza hukuru
  - Egypt : Hurumende isingatendi kuvapo kwaMwari ( Eks. 5:2 ), kunyange zvazvo vaisava nehanya nokunamata “mwarikadzi wepfungwa”
  - Kwakarovererwa Jesu : Chibayiro chaJesu chakarambwa

**D Zvakamuka rinhi zvikakwira kudenga?**

- Musi wa Mbudzi 26, 1793, Paris yakabudisa murayiro wokubvisa chitendero. Uyu murayiro wakabviswa musi waChikumi 17, 1797. Mukati meiyi nhambo yamakore matatu nehafu, France yakafara kuva “yakasunungurwa” muudzvinyiriri hwechitendero, uye kunyaradza inzwi reBhaibheri ( Zva. 11:9-10).
- Panzvimbo pokunyarara kana kuti kuparadzwa, Bhaibheri rakasimuka nesimba kupfuura kare. Mamishoni echiPurotesitendi akatakura shoko revhangeri kumigumo yeNyika (Zva. 11:11).
- William Wilberforce akagadzira Bible Society yekutanga muna 1804 kuitira kuti Bhaibheri riparadzirwe. Makopi eBhaibheri aivapo akawedzera nezviuru, kutozosvikira rava bhuku rokutanga rakatengwa zvikurusa munyika. Parizvino, kuparadzirwa kweShoko raMwari hakuchamisiki. Rakaiswa naMwari munzvimbo umo pasina anogona kuiparadza (Zva. 11:12).

**E Chii chakazoitika?**

- Kubva pa "kumuka" kwezvapupu zviviri, chitsauko chekupedzisira chekurwisana kwechemuchadenga chinotanga: nguva yekuguma.
- Kuuya kwechipiri kuchatangirwa nehasha pakati pemarudzi, uye ichaguma nekuparadzwa kwe“aʋo ʋanoparadza nyika” (Zva. 11:18).
- Zviitiko zvose izvi zvakarongwa nenamatirwo okuDenga ( Zvak. 11:16-17 ), izvo zvinoguma nokuratidzwa kweareka yesungano muSenjuwari yoKudenga ( Zva. 11:19).
- Pasvikwa pa“nguva yokutonga” (Zva. 11:18 ), mupimo woKutonga unoratidzwa kunyika: mirairo ine gumi iri muareka yesungano.